




25 Fevriye 1939 - 31 Jiyè 2021

Pitit Gason & Pitit Fi



Nikita

Garry

Bornaut

Carjust

Brunaud

Faubert

Pierre

Agine

Jenny

Carold


Pierrette

Carrefour Boyer & 5326 Walton Avenue


Frè & Sè



Erta



Joseph



Nicolas



Marie



Marsan



Franchette



Anne Marie



Gérard



Rose



PIERRE CHARLES BOYER

Pierre Charles Boyer te fèt Okay, Ayiti le 25 Fevriye 1939 de Clèanne (nè Dorval) ak Nerva Boyer e frè l ak sè l yo Ki rele Erta, Joseph, Nicolas, Marie, Marsan, Franchette, Anne Marie, Gérard ak Rose.

Lè **Charles** fini ak lekòl segondè e li te rantre nan Forces D'armées d'Haiti. Antanke jenn gason, Charles te patisipe anpil nan aktivite kominote a paske li te vreman gen dezi pou ede moun. Pozisyon li te pran sou afè politik a nan tè bay kom rezilta yon ane nan prizon - nan sipò dwa sivil moun yo. Li te sèvi tan sa a san plenyen, e sa montre ki Jan de moun li ye vreman. Pandan tout vi l Charles tè montre Koman li te yon nèg d'afè ki gen anpil siksè nan travay li fè. Li te gen anpil konesans nan domen Mekanik oto e li te vin pwopriyete premye estasyon gaz la nan vil natal li. Kote Estasyon gaz la tout moun k ap soti ou rantre Okay, te dwe rete fè gaz nan estasyon Charles la.

Charles te trè atletik e li te renmen patisipe e fè espò. Li te fè pati yon ekip foutbòl pwofesyonèl an Ayiti. Yon lot bagay Charles te renmen fè se demonstrasyon ak bisiklèt e jiska 5 moun sou bisiklèt nan menm tan. Li te menm konn mete kaskadeur sou do l ak zepòl li ak fè lòt demonstrasyon ki te fè foul la sezi.

An 1959, Charles te marye Marie Thérèse. Yo te gen senk pitit: Garry, Carold, Nikita, Jenny ak Chantale. Menmsi te gen sèvant lakay la, Marie Thérèse te jwe yon gwo wòl integral nan byen pran swen Charles. Li te yon fanm ki pa pale anpil, men li te pran swen kay li avèk lanmou ak fòs, kalite ke pitit li yo posede jis jounen jodi a.

Malerezman Marie Thérèse te vin mouri. Pou fè fas ak doule lefetke li te pedi madanm li, Charles te al Ozetazini pou cheche yon pi bon vi pou fanmi l ki ta p ofri yo plis opòtinite. Malgre te gen lòt peyi kote li te ka rele lakay, Charles chwazi Etazini akòz frè l Nicolas ki te demenaje al rete nan Connecticut kèk ane anvan. Ozetazini, Charles te rankontre e marye Barbara Agee nan 1970. Yo te gen twa pitit ansanm: Pierre, Agine ak Pierrette. Kay yo sou Walton Avenue te yon kote anpil manm fanmi sot Ayiti te ka rele lakay pa yo. Toujou gen garanti ke yap jwenn yon espas pou yo rete e se pou rezon sa anpil nan yo sonje adrès 5326 Walton Ave avèk rekonesans e tandrès.

Charles te konn travay di. Anpil moun sonje ki jan li ta kanpe sou kwen nan 52nd ak Market Street kòm yon chofè machin - lontan anvan Uber te menm yon ide. Li te travay anpil èd tan pou pran swen fanmi l. Konesans Charles kom kontraktè ak kalite biznis li posede l pemet li reyisi kòm yon pwopriyete byen imobilye. Biznis sa yo te pèmèt li bay fanmi li sa yo bezwen epi voye pitit li yo nan lekòl Katolik. Petet nou sonje mak Peugeot li te achte pou kondwi fanmi l Ki te vin grandi pandan ane yo. Pase tan ak pitit li yo te trè enpòtan pou li tou. Li te asire ke li te toujou reserve ti tan pou anseye yo epi patisipe nan rekreyasyon avèk yo tou.

Charles ak pi gran pitit gason l lan, Garry te fòme Oganizasyon Relasyon Ayisyen an (H.R.O.) nan Filadelfi. Oganizasyon sa a te fè l posib pou anpil moun imigre nan peyi a, aprann lang angle a epi jwenn sèvis ki nesèse pou antre Ozetazini. H.R.O. te trè enpòtan nan toule de vi yo e li te gen gwo enfluyans anpil sou lavi yo.

Atravè ane yo, **Charles** kè l te toujou Okay e an 1998, li menm ak pitit gason l Nikita al retounen Okay e te rekòmanse lavi yo ki sanble nouvo m'en te toujou fanmiye pou yo. Li te Kon Chita deyò kay li epi zanmi l ak lot moun ki pase kap di, "Mesye Charles, Mesye Charles - sak pase?" Pawol sa yo se te kom yon bon ti mizik nan zòrèy li. Kominote a te renmen l anpil. Charles te bay anpil Sipò nan domen edikasyon tou. Li te anseye anpil moun e ede yo aprann li ak ekri. Te gen kek fwa ke li te bay elèv yo ed nan domen materyel tou pou yo peye lekòl. Nan Okay, Charles te vin gen yon moun Ki enpotan nan lavi l, yon konpayon, Gertrude Verdieu e li te vin papa twa lot pitit: Bornaut, Carjust ak Brunaud.

Charles kite madanm li, Barbara; frè, Nicolas (madanm: DouDoune); dis timoun: Carold (Matye), Nikita (Marise), Jenny (Eric), Faubert, Pierre (Alkayla), Agine (Darold), Pierrette (Cliff), Bornaut, Carjust ak Brunaud; katòz pitit pitit: Curtis, Charles, Pétion, Eric, Jr., Gary, Jr., Marise, Tatiana, Orlando, Nikita, Jr., Teighlor, Chyanne, Katurrah, Zaire ak Caileal; douz pitit pitit pitit: Ciani, Keon Brandon, Dior, Chloe, Kayla, Kashis, Kapri, Isla, Nyla, Memphys, Zhorie ak Emory; konpayon li, Gertrude osi byen ke yon bann nyès, neve, ti-nyès, ti-neve, kouzen, lòt manm fanmi yo ak zanmi yo tou.

Pitit Pitit



09/19/2009

Top: Gary (Binker), Nikita, Charles, Eric, Jr., Marise, Tatiana, Petion, Orlando, Curtis, Za'ire

Bottom: Caileal, Teighlor, Chyanne, Katurrah


Gwo Pitit Pitit




Memphys



Emory



Ciani



Brandon
Keon



Kayla



Isla



Nyla



Zhorie




Chloe



Kashis



Dior



Kapri

The background of the card features two photographs of an elderly man. On the left, a smaller photo shows him in a dark suit, white shirt, and blue patterned tie, looking off to the side. On the right, a larger, more prominent photo shows him from the chest up, wearing glasses and a mustache, looking directly at the camera. The name 'Charles' is written in a large, elegant, cursive script across the top left, overlapping the background images.

Charles



Memorial Cards by Barbara Boyer ~ Creative Works!
We are CREATIVE and it WORKS! ~ 610-931-2736 ~ 866-473-3325



Thank You for all that you
have done during our time of bereavement.

Our family appreciates all of your love
and support in whichever way it was
given: a prayer, a phone call, a gift or a
card. Thank you so very much - from each
of our hearts to yours.

Sèvis Fineray

Jedi 12 Out 2021 ~ 3:00 PM

Eglise Sacre-Coeur

Les Cayes, Haiti